



Cò ponpye, Vil New York EDIKASYON SOU SEKIRITE KONT INSANDI


Michael R. Bloomberg, Mè
Salvatore J. Cassano, Komisyonnè Ponpye

FÈ MANJE NAN KIZIN SEKIRITE KON INSANDI

Preparasyon pou fè manje lakay ou se pi gwo kòz dife nan kay ak domaj dife. Manje ke yap kwit ke yo pa veye konte pou 33% dife sa yo. Lòt gwo kòz yo se lè yo mete bagay ki konbistib twò pre sous chalè a, ak pwoblèm elektik.

Gen plizyè sitiyasyon ki ka fè ke yon moun kite dife ki ap kwit manje a san yo pa veye l. Sa ki pi komen an se lè kizinyè a distrè epi li kite kizin la. Distraksyon ki pi kouran yo se al okipe timoun, reponn telefòn, gade television ak reponn sonèt pòt la.

Sèvi ak yon kouvèti oswa bakin soda pou toufe dife on kasròl kap pran dife!



Pou ke diminye risk danje dife nan kizini drastikman, suiv reset sekireite sa an:

Lè wap fè mane,

- ◆ Rete nan kizin la, pa kite manje ki ap kwit san ou pa veye l. (Rete kote kasròl ou an.)
- ◆ Mete rad ki gen manch kout oswa manch ki byen sere. (Manch ki laj epi ki long gen plis chans pran dife oswa pran nan man pwelon)
- ◆ Pa kite ayen distrè w.
- ◆ Ranfòse on zòn kote" timoun pa ka vini" 3 pie pi loin ke fou a. vire manch bonm la endedan pou li bay mi a fas, pou ou ka evite ou boule si li chavire oswa devide.
- ◆ Pa kite okenn sèvvèt, oswa papye, tòchon pou kinbe bonm oswa ninpòt ki bagay ki ka boule.
- ◆ Fè manje jan a tanperati yo mande pou fè li, pa mete tanperati an pi wo.
- ◆ Netwaye ekipman pou fè manje regilièman pou oken engredyan, rès manje ak grès pa akimile.
- ◆ Kinbe on kouvèti kaswòl sou la men, pou w ka toufe dife ki pran nan kaswòl. **Pa eseye leve kaswòl oswa chodyè a.** Etinn dife a, e kouvri dife a ak on kouvèti.
- ◆ Pa sèvi ak dlo. L ap gaye e pwopaje dife a.

Sekirite kont insansi Komanse lakay

- ✓ *Instale bagay ki pou detekte lafimen*
- ✓ *Fè yon plan pou moun lakay ou ka chape*
- ✓ *Fè on inpeksyon sekirite nan kay la*



An ka dife pran... Rele Ponpye

sèvi ak bwat alam ki pi pre w, oswa rele 911

SONJE!

Lè ou fè planifikasyon davans, ou kapab fè anpil bagay pou evite insandi. Men on fwa dife komanse pran lakay ou, se twa bagay sèlman ou ka fè: premyèman soti, fèmen pòt la dèyè ou, epi rele 911 kay vwazin a. Pa retounin nan yon imèb ki ap boule, pou okenn rezon ke se swa. Si ou kwè ke gen yon moun ki pran nan pyèj endedan an, di ponpye # 4 la sa lè yo arrive

ALAM POU LAFIMEN SOVE VI

ALAM POU KARBON MONOXID SOVE VI

ALAM POU LAFIMEN SOVE VI

Yon mesaj sekirite piblik kont insandi ke cò ponpye new york city voye

FD
NY

MISION NOU SE SEKIRITE W

AP SÈVI NEW YORK AK FIÈTE DEPI 1865

